

Anons pou Piblik la sou Dwa Sivik

Depatman Transpò Massachusetts la (MassDOT, ki vle di "Massachusetts Department of Transportation") ak Ajans Transpò Massachusetts Bay a (MBTA, ki vle di "Massachusetts Bay Transportation Authority") respekte Tit 6 nan Lwa sou Dwa Sivik 1964 la (Title VI of the Civil Rights Act of 1964), ki defann fè diskriminasyon kont moun poutèt ras, koulè, oswa peyi kote yon moun sòti (ansanm ak moun ki pa pale angle byen). Lwa kont diskriminasyon nan gouvènman federal ak nan Eta a defann fè diskriminasyon kont moun poutèt laj, oubyen si se gason oswa fi, oubyen kont moun andikape, ak pou lòt karakteristik pwoteje. MassDOT ak MBTA ap fè tout sa yo kapab kont diskriminasyon nan tout aktivite yo.

Si yo moun kwè yo fè diskriminasyon kont li, moun lan mèt pote plent bay MassDOT/MBTA nan adrès sa a:

MassDOT/MBTA Title VI Specialists

Office of Diversity and Civil Rights – Title VI Unit

10 Park Plaza, Suite 3800

Boston, MA 02116

Telefòn: (857) 368-8580 oswa 7-1-1 pou Sèvis Relè (moun ki pa tande byen)

Adrès elektwonik: MassDOT.CivilRights@state.ma.us or MBTAcivilrights@mbta.com

Plent yo mèt depoze dirèk tou nan Depatman Transpò Etazini (United States Department of Transportation) nan adrès:

U.S. Department of Transportation

Office of Civil Rights

1200 New Jersey Avenue, SE

Washington, DC 20590

Sit Entènèt: civilrights.justice.gov/

Pou plis enfòmasyon, oubyen pou mande sèvis tradiksyon, oswa aranjan rezonnab, ale nan adrès mass.gov/nondiscrimination-in-transportation-program oswa mbta.com/titlevi